

Dhavidhi Anoratidza Ushingi

1 SAMUERI CHITSAUKO 17

VAISRAERI VAIRWA HONDO NEVAFIRISTIYA. DHAVHIDHI AIVA MUFUDZI WEMAKWAI, ASI VAMWE VAKOMA VAKE VAIVA MASOJA, SAKA AKATUMWA KUNOVAONA.



CHII CHIRI KUITIKA?

GORIYATI ATANGA KUTUKA ZVAKARE. ATOVA NEMAVHIKI AKATI ACHITIDENHA!

MUNHU ANENGE AURAYA GORIYATI ACHAITIRWEI?

VANHU VESE VARI KUMUTYA. AKAREBA MAMITA ANENGE 3! HAPANA MUNHU ANGAMBORWA NAYE AKAMUKUNDA!

MUKOMA WADHAVHIDHI MUKURU PANE VESE AKABVA ATSAMWA.



KO WAVINGEI KUNO? UYE URI KUBVUNZIREI NEZVAGORIYATI? KUNO NDEKWEVARUME, HAKUDIWI VAKOMANA!

NDANGA NDICHIBUNZA CHETE!

UNOFANIRA KUNGE URI KUMBA NEMAKWAI AKO!

UDZAI MAMBO KUTI PANE MUNHU ARI KUDA KUNORWA NAGORIYATI.

MASOJA AKAUNZA DHAVHIDHI KUNA MAMBO SAURO.



NDINI NDICHANORWA NEMUFIRITSIYA WACHO.

URI MUDIKI. GORIYATI AVA NEMAKORE ARI MUSOJA!

NDAKAURAYA SHUMBA NEBHEYA PANDAICHENGETA MAKWAI EDU.

HORAITI. MASOJA, MUPEI HEMBE DZANGU DZEHONDO.

HANDISI KUGONA KUFAMBA NADZO.



HANDISI KUDZIDA.

DHAVHIDHI AKATORA
CHIPFURAMABWE CHAKE, AKAENDA
KURWIZI, KUNOTORA **MATOMBO 5.**

JEHOVHA
AKANDIPONESA
PASHUMBA
NEBHEYA. UYEWU
ACHANDIPONESA
PANA GORİYATI.


DHAVHIDHI NAGORIYATI
VAKAMISIDZANA **MUBANI REERAA.**

NDIRI **IMBWA** HERE,
ZVAURI KUUYA NE-
TSVIMBO? **NDICHAPA**
SHIRI DZOMUSANGO
NYAMA YAKO MUPFA-
NHA.



URI KUUYA KWANDIRI
NEBAKATWA NEPFUMO
UYE NEPFUMO DUKU, ASI
INI NDIRI KUUYA KWAURI
MUZITA RAJEHOVHA.





ACHIVIMBA NAJEHOVHA,
DHAVHIDHI AKAMHANYIRA KUNA
GORIYATI . . .



UYE AKAPOTSERA DOMBO KUNA
GORIYATI, RIKANOROVA PAHUMA YAKE.

GORIYATI AKAWIRA PASI NDOKUFA, UYE
VAISRAERI **VAKAZOKUNDA VAFIRISTIYA.**
KWAPERA MAKORE, DHAVHIDHI AKAZOVA
MAMBO WEISRAERI.

TINODZIDZEI PANYAYA IYI?

NEI VAMWE VANHU VASINA KUVA
NECHIVIMBO MUNA DHAVHIDHI?

ZVINGANGOKUBATSIRA: 1 SAMUERI
17:13, 14, 33, 42.

NEI DHAVHIDHI AIVIMBA KUTI
ANOGONA KUKUNDA GORIYATI?

ZVINGANGOKUBATSIRA: 1 SAMUERI
16:1, 13; 17:37, 45-47.

NEI IWE UNGAVA NEUSHINGI
HWEKUITA ZVAKANAKA?

ZVINGANGOKUBATSIRA: PISAREMA
91:11; VAHEBHERU 13:6.